



APLIKASYON IJAN INIVÈSÈL POU LOJMAN
LETA PATWONNEN

Dat aplikasyon an resevwa : _____
A ki lè aplikasyon an resevwa : _____
Nimewo kontwòl la : _____
Frè baryè a : _____
Premye etaj : _____
Vye granmoun / Andikape : _____
Ki ras : _____
Kategori priyoritè : _____
Kategori ki pi pito : _____
Lang : _____

Aplikasyon ki pa ranpli o konplè p ap aksepte. Ranpli tanpri tout sa ki mande sou aplikasyon an. Si gen yon kesyon ki pa koresponn ak ou, se pou w make P/K pou keyson an. Pa bliye siyen non w sou dènye paj la.

(ENPRIME TANPRI)

Kijan moun k ap fè aplikasyon an rele : _____

Adrès postal moun k ap fè aplikasyon an : _____

Vil : _____ Leta : _____ Zip : _____

Nimewo telefòn kote nou ka jwenn pale ak moun k ap fè aplikasyon an : _____

Aplikasyon pou ijans lan fèt pou l gen yon verifikasyon alekri yon twazyèm pati ekri sou sitiyaasyon priyoritè ke w di ou genyen. Otorite lojman an (Housing Authority) p ap aksepte aplikasyon sa san verifikasyon twazyèm pati a, e se pou l vin avèk yon aplikasyon estanda ki byen ranpli. Verifikasyon ka lèt anlwaye sevis sosyal, chèltè, ajans sèvis sosyal oubyen ajans ki anfòse kòd ekri e ki konfime ou satisfè definisyon "moun k ap aplikasyon e ki san kay". Aplikasyon w lan p ap aksepte jistan ou remèt tout sa ki obligatwa pou Pake aplikasyon pou ijans lan ak yon aplikasyon estanda ki byen ranpli.

Pou kapab kalifye pou ijans , se pou w pou w yon "moun k ap fè aplikasyon e ki san kay" dapre definisyon ki make pi devan an EPI se pou w kalifye pou youn nan priyorite ki make pi devan an.

Definisyon pou moun k ap fè aplikasyon e ki san kay

Se yon moun k ap fè aplikasyon ki :

(a) vle di san kote pou rete oubyen nan yon sityasyon kote gen yon danje dirèk pou lavi oubyen sekirite e ki enpòtan, imedya pou moun k ap fè aplikasyon an oubyen yon moun kò kay la ki sityasyon ta kalme poutèt yon plasman nan yon lojman nan dimansyo adekwat , **ak**

(b) fè efò ki rezonab pou jwenn lòt lojman altènatif, **ak**

(c) pa lakòz oubyen pa kontribye anpl nan sitasyon danje nan sekirite epi ou lavi, **ak**

(d) chache fason ki egziste swa pou anpeche oswa pou evite sityasyon an apatide èd nan tribinal oubyen administrasyon adekwat oubyen ajans ki fè respekte lalwa **ak**

(e) wete nan kay li kote moun k ap fè aplikasyon an te rete omwen pou nèf (9) mwa pou ane a.

1. Èske w satsifè chak nan kondiksyon ki make nan definisyon "moun k ap fè aplikasyon e ki san kay" e ki paj anvan an ? (chwazi youn)

WI NON

Si ou di WI, esplike kijan ou satisfè **chak** nan kondiksyon ki make anlè a : _____

2. Nan ki dat èske w vin pèdi oubyen pral pèdi kote w rete a ?
Jou ____ Mwa ____ Ane ____
3. **Pou moun k ap fè aplikasyon pou ijans, preferans nan lokal sèl.** Si w san kay e w ap fè aplikasyon pou lojman ijan, ou ka chwazi pou konsidere tankou yon moun ki swa abite nan vil kote w te vin pèdi kote pou w rete oswa nan vil kote ou gen lojman tanporè.

Tanpri bay non kominote ou chwazi pou w rezidan pou rezon chwa lokatè ladan l.

TOUT MOUN K AP FÈ APLIKASYON GEN POU YO METE AK APLIKASYON AN PRÈV KI MONTRE YO SAN KAY. VERIFIKASYON KA LÈT ANPLWAYE SÈVIS SOSYAL, CHÈLTÈ, AJANS SÈVIS SOSYAL OUBYEN AJANS KI ANFÒSE KÒD EKRI E KI KONFIME OU SATISFÈ DEFINISYON "MOUN K AP FÈ APLIKASYON E KI SAN KAY".

4. Tcheke kategori priyoritè ou kwè konsène sitiyasyon w :

Priyorite 1 : Pèdi kote pou rete poutèt katastwòf natirèl tankou dife men pa poutèt neglijan moun k ap fè aplikasyon an oubyen moun kò kay moun k ap fè aplikasyon an, oubyen poutèt tranblemanntè, oubyen inondasyon, oubyen dezas ki deklare oubyen ki rekonèt ofisyèlman nan lwa sou èd nan dezas.

Si ou tcheke Priyorite 1, se pou w mete avèk aplikasyon an prèv ou pèdi kote pou w rete a poutèt katastwòl natirèl ki ka rapò depatman ponpye, lèt konsèy depatman sante oubyen lòt ajans gouvènmanntal ki dokimante destriksyon kay ou poutèt tranblemanntè, inondasyon oubyen lòt dezas.

Priyorite 2 : Pa gen kote pou rete pou yon aksyon piblik tankou konstriksyon yon pwojè lojman piblik pa chè, leve bidonvil, pwojè reyòganizasyon zòn ibanism oubyen lòt amelyorasyon piblik.

Si w tcheke Priyorite 2, se pou w mete avèk aplikasyon an prèv ou pèdi kote pou w rete poutèt aksyon piblik tankou avi pou relokasyon, lèt pwojè reyòganizasyon zòn ibanism oubyen lòt ajans gouvènmanntal ki dokimante pwojè travay piblik la.

Priyorite 3 : Pèdi kote pou rete poutèt aplikasyon estanda minimòm pou lasante pou abitasyon imèn tabli nan Atik 2 nan State Sanitary Code oubyen nan règleman lokal.

Si w tcheke Priyorite 2 se pou w mete avèk aplikasyon an prèv ou pèdi kote pou w rete poutèt aplikasyon kòd sanitè tankou kopi plent ki gen kòd enfraksyon yo, afich, avi oubyen lèt Board of Health ki dokimante kondanasyon an.

PRIYORITE 4 - KATEGORI PLAN POU KA NAN IJANS

- A. San kay e fasa yon menas dirèk epi imedyat enpòtan nan lavi oubyen sekrite moun k ap fè aplikasyon oubyen nenpòt moun kò kay poutèt lòt bagay pase fòt moun k ap fè aplikasyon an oubyen moun kò kay moun k ap fè aplikasyon an.**

Si ou tcheke Priyorite 4A, se pou mete ansanm ak aplikasyon an : Prèv pèt kay san l pa fòt ou tankou yon rezime pou plent oubyen manda sou pwosede a, desizyon tribinal ak egzeksyon nan tribinal.

- B. Gwo ijans medikal. Yon moun k ap fè aplikasyon e soufri yon gwo ijans medikal si kò kay moun k ap fè aplikasyon an ap soufri yon maladi oubyen chòk ki poze yon gwo menas nan lavi ki dokimante nan klinik e ki rive sitou poutèt mank bon lojman oubyen nan mank lojman adekwat, alò se yon gwo danje pou tretman ak gerizon.**

Si ou tcheke Priyorite 4B, se pou mete ansanm ak aplikasyon an :

1. Prèv sou pwoblèm medikal tankou yon setifika yon doktè ekri sou fòmilè otorite sou lojman.
 2. Prèv sou lojman ki pa konvni tankou lèt yon pwopriyetè kay, enfimyè ki vin adomisil oubyen Board of Health ki dokimante kay kote li ye pou lemoman an inakseptab, oubyen foto kay kote li ye pou lemoman ki montre sa ki inakseptab.
- C. Sitiyasyon abizif. Yon moun k ap fè aplikasyon nan yon sitiyasyon kote gen abi si moun k ap fè aplikasyon an oubyen manm kò kay la detèminen, dapre LHA, pou l viktim abi jan li esplike nan Abuse Prevention Act (G.L. c.209A, § I), kote abi konpoze menas dirèk pou lavi e pou sekirite ki enpòtan tou. Abuse Prevention Act defini "abi" tèlke evènman youn oubyen plis nan aksyon sa yo ant "fanmi oubyen moun kò kay" : (1) swa lakòz oswa eseye lakòz domaj fizik ; (2) fè lòt pè gwo domaj fiik imedyà ; (3) lakòz yon lòt nan rapò seksyèl swa pa fòs, menas oswa presyon. "Fanmi oubyen moun kò kay" se moun ki fanmi san oubyan pa alyans, gen pitit ansanm, oubyen ki kounye a oubyen ofisyèlman rete nan menm kò kay oubyen menaj youn lòt.**

Si ou tcheke Priyorite 4C, se pou mete ansanm ak aplikasyon an : Prèv sou sitiyasyon abizif tankou kopi dosye medikal, rapò lapolis, manda entèdiksyon, aplikasyon pou plent kriminèl, evalyasyon sèvis sosyal.

APLIKASYON POU IJANS KI REMÈT SAN DOKIMAN OBLIGATWA YO AP REFIZE.

SÈTIFIKASYON MOUN K AP FÈ APLIKASYON AN :

Mwen sèmante ke enfòmasyon mwen bay nan aplikasyon sa a vre epi korèk, e m konprann ke tout deklarasyon fo ak movèz reprezantasyon ka fè aplikasyon mwen an p ap aksepte. Mwen bay otorite sou lojman otorizasyon pou yo fè ankèt pou yo verifye enfòmasyon ke m bay nan aplikasyon sa a.

SIYEN SOU PÈN AK PENALITE POU FO SÈMAN. Mwen konprann yon fotokopi aplikasyon sa a ak yon fotokopi siyati ki la a valib tankou kopi orijinal la.

Siyati moun k ap fè aplikasyon an

Dat

Siyati moun k ap fè revizyon an

Dat